



# Massachusetts 2026

## Aplikasyon pou benefis SUN Bucks



<b>Kijan m kapab aplike pou benefis SUN Bucks yo?</b>
<ul style="list-style-type: none"> <li>Aplike sou sit Entènèt <a href="http://www.DTAConnect.com">www.DTAConnect.com</a></li> <li>Voye l pa lapòs nan: <b>PB - SUN Bucks</b> <b>P.O. Box 405</b> <b>East Boston, MA 02128</b></li> </ul>

**SUN Bucks** se yon nouvo pwogram federal ki bay kòb pou achte manje pandan sezon ete a pou fanmi ki gen timoun ki nan laj pou yo ale lekòl nan Massachusetts.

**SUN Bucks** se yon pwogram moun kalifye pou li a selon revni yo. Pou konnen si fanmi w ka kalifye pou SUN Bucks an 2026, tanpri suiv etap ki anba yo. N ap voye yon lèt ba w pou konfime nou te resevwa aplikasyon w lan, men n ap voye yon avi pou fè w konnen ki desizyon nou pran anvan fen ane eskolè 2025-2026 la.

**Premyèman, kalkile revni fwaye w POU ANE A.** Veye pou w konte tout sous revni yo, tankou travay, asistans piblik, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou konjwen, pansyon, retrèt, Social Security, Supplemental Security Income (SSI), asirans chomaj, benefis pou veteran ak revni timoun yo. Itilize revni brit la, anvan tout dediksyon ki fèt pou taks, asirans, depans medikal, pansyon alimantè pou timoun, elatriye.

**Dezyèmman, gade tablo ki anba a epi chèche kantite total moun ki nan fwaye w la.** Konte tout timoun ak adilt, kit yo se fanmi, kit yo pa fanmi, ki abite nan fwaye w la epi ki pataje revni ak depans yo.

**Twazyèmman, suiv flèch ki soti nan kantite moun nan pou wè revni brit ki pèmèt ou kalifye a. Si revni fwaye w la nan entèval ki endike pou kantite moun ki nan fwaye w la, tcheke kare a epi ranpli fòm nan.** Fwaye w la dwe ranpli kondisyon ki gen rapò ak revni yo pou valè moun ki nan fwaye w la pou nou ka detèmine ou kalifye pou SUN Bucks. Pa egzanp, yon fwaye ki genyen yon adilt ak de timoun (twa moun ototal) epi ki touche yon revni \$40,000 t ap kalifye paske revni fwaye a ant \$0 ak \$49,303.

**Gid kalifikasyon selon revni a pou aplikasyon nou resevwa nan dat 1<sup>re</sup> jiyè 2025 oswa apre dat sa a:**

Kantite moun ki nan fwaye a	Si revni fwaye w la nan entèval sa a...	tcheke kare sa a.
2 →	\$0 - \$39,128 →	<input type="checkbox"/>
3 →	\$0 - \$49,303 →	<input type="checkbox"/>
4 →	\$0 - \$59,478 →	<input type="checkbox"/>
5 →	\$0 - \$69,653 →	<input type="checkbox"/>
6 →	\$0 - \$79,828 →	<input type="checkbox"/>
7 →	\$0 - \$90,003 →	<input type="checkbox"/>
8 →	\$0 - \$100,178 →	<input type="checkbox"/>

**Gid kalifikasyon selon revni a pou aplikasyon nou resevwa nan dat 1<sup>ve</sup> jiyè 2026 oswa apre dat sa a:**

Kantite moun ki nan fwaye a	Si revni fwaye w la nan entèval sa a...	tcheke kare sa a.
2 →	\$0 - \$40,034 →	<input type="checkbox"/>
3 →	\$0 - \$50,542 →	<input type="checkbox"/>
4 →	\$0 - \$61,050 →	<input type="checkbox"/>
5 →	\$0 - \$71,558 →	<input type="checkbox"/>
6 →	\$0 - \$82,066 →	<input type="checkbox"/>
7 →	\$0 - \$92,574 →	<input type="checkbox"/>
8 →	\$0 - \$103,082 →	<input type="checkbox"/>

**Si w panse fwaye w la gendwa kalifye pou SUN Bucks, tanpri ranpli aplikasyon sa a.** Tanpri sonje SUN Bucks se pa yon aplikasyon pou jwenn repa ki gratis oswa pou yon pri redui nan lekòl la, epi fòm sa a pa p anpeche pitit ou a jwenn manje midi ak dejene ki gratis oswa pou yon pri redui si pitit ou a gentan jwenn benefis sa yo deja.

Pou kalifye pou SUN Bucks, nou dwe resevwa aplikasyon yo pou pi ta nan dènye jou peryòd ete pou ane eskolè a. Pou jwenn plis detay sou peryòd ete a, ale sou <http://www.mass.gov/sunbucks>.

**Ou pa bezwen ranpli aplikasyon sa a si:**

- Ou te resevwa yon avi ki fè w konnen pitit ou a deja apwouve pou jwenn repa ki gratis oswa pou yon pri redui epi/oswa
- Ou te resevwa yon mesaj tèks/imèl SUN Bucks Welcome nan men DTA

Enfòmasyon fanmi yo bay sou fòm sa a pral sèlman sèvi pou detèmine si yo kalifye pou SUN Bucks 2026 la epi nou gendwa konsève yo pou fè odit.

Tanpri suiv etap ki dekri anba yo pou ranpli fòm nan epi voye l tounen bay **PB-SUN Bucks**. Si w bezwen èd pou ranpli nenpòt pati nan fòm nan, tanpri kontakte liy dirèk SUN Bucks la nan 855-425-8770.

**Jwenn plis kòb pou manje**

**DTA: Benefis SNAP:** Si w poko jwenn sa, ou ka gen posiblite resevwa benefis alimantè SNAP k ap ede w achte manje pandan tout ane a! Yon fanmi ki gen 3 moun ka resevwa jiska \$768 pa mwa. Ale sou [Mass.gov/SNAP](http://Mass.gov/SNAP) pou jwenn plis enfòmasyon epi pou aplike.

**DTA: Benefis sou fòm kòb:** Si w gen pitit epi ou pa gen revni oswa ou touche yon ti kras revni, ou gendwa kalifye pou benefis nan kad pwogram TAFDC a. Ale sou [Mass.gov/How-to/Apply-for-TAFDC](http://Mass.gov/How-to/Apply-for-TAFDC) pou jwenn plis enfòmasyon epi pou aplike.

**DESE:** Summer Eats bay timoun ki gen 18 lane oswa mwens yo repa ki gratis nan zòn ki kalifye yo pou pandan mwa ete yo. Souvan, repa yo konn ofri menm kote yo òganize aktivite edikatif ak lwazi. Jwenn sit kote yo bay repa yo sou [ProjectBread.org/SummerEats](http://ProjectBread.org/SummerEats) oswa rele Project Bread FoodSource Hotline lan nan 800-645-8333. Epitou, ou ka rele FoodSource Hotline lan pou jwenn enfòmasyon sou lòt resous alimantè lokal ki disponib yo.

**WIC:** Benefis alimantè mansyèl pou fanmi ki gen timoun ki poko gen 5 lane oswa fi ki ansent. Epitou, avèk WIC, ou benefisye yon edikasyon gratis sou kesyon alimantasyon, yon sipò gratis pou bay timoun tete, epi pwogram nan ka refere w pou jwenn swen sante ak lòt sèvis. Pou jwenn plis enfòmasyon epi pou aplike, ale sou [Mass.gov/WIC](https://www.mass.gov/WIC) oswa rele nan 800-942-1007.



# Massachusetts 2026 Aplikasyon pou benefis SUN



<b>Kijan m kapab aplike pou benefis SUN Bucks yo?</b>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Aplike sou sit Entènèt <a href="http://www.DTAConnect.com">www.DTAConnect.com</a></li> <li>• Voye l pa lapòs nan: <b>PB - SUN Bucks</b> <b>P.O. Box 405</b> <b>East Boston, MA 02128</b></li> </ul>

**Etap pou suiv pou aplikasyon SUN Bucks la:**

1. Enfòmasyon sou aplikan an
2. Kowòdone
3. Enfòmasyon sou fwaye a
4. Enfòmasyon sou benefis ak revni yo
5. Atestasyon ak siyati

**1. Enfòmasyon sou aplikan an:**

Seksyon sa a pral mande kèk enfòmasyon sou moun k ap voye aplikasyon an pou timoun nan (yo). Si aplikasyon an apwouve, nou pral voye kat SUN Bucks la ak tout kominikasyon yo sou non aplikan an. Kat la pral gen benefis pou tout timoun ki nan laj pou ale lekòl ki kalifye nan kay la.

**Enfòmasyon sou mwen: (Obligatwa)**

Non fanmi:	Prenon:	Dezyèm prenon:
Dat nesans (mwa/jou/ane):	4 dènye chif nimewo sekirite sosyal la*:	Tcheke kare sa a si w pa gen yon nimewo sekirite sosyal*: <input type="checkbox"/>

*\*Selon règleman federal yo, fanmi k ap aplike pou SUN Bucks yo pa oblije bay nimewo sekirite sosyal yo (4 dènye chif yo sèlman) ni estati sitwayènte yo.*

**Ki lang ou prefere pale?**

Lang prefere:

## 2. Kowòdone

Bay yon adrès ki ajou. Si aplikasyon an apwouve, se nan adrès sa a nou pral voye kat SUN Bucks la.  
(Veye pou adrès ou a toujou ajou epi fè Depatman an konnen si li chanje pou ou ka resevwa benefis SUN Bucks ou yo alè.)

Èske fwaye w la sanzabri? WI                      NON		
Adrès fizik:		
Vil:	Eta:	Kòd postal:
Èske adrès sa a se adrès postal ou tou? WI                      NON, mwen itilize yon lòt adrès pou jwenn lèt ( <i>ranpli seksyon ki vin annapre a si w te reponn NON</i> )		
Adrès postal (si li diferan ak adrès fizik la):		
Vil:	Eta:	Kòd postal:

Etandone benefis SUN Bucks yo disponib pou itilize pandan ete a, tan ou genyen pou itilize kòb la limite.

Si w bay lòt kowòdone, tankou **nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou**, DTA ap kapab enfòme w sou chak etap nan pwosesis la pa mwayen mesaj tèks ak imèl. Pa egzanp, DTA ka voye yon mesaj tèks ba w lè nou voye kat SUN Bucks ou a ba w pa lapòs, lè nou depoze benefis ou yo oswa lè benefis ou yo pral ekspire.

Ki pi bon nimewo telefòn nou ka itilize pou kontakte w?	Èske w ta renmen resevwa mesaj alèt konsènan aplikasyon SUN Bucks ou a? WI                      NON
Ki pi bon adrès imèl nou ka itilize pou voye notifikasyon ba w?	Èske w ta renmen resevwa notifikasyon nan imèl konsènan aplikasyon SUN Bucks ou a? WI                      NON

## 3. Enfòmasyon sou fwaye w la

Nan seksyon sa a, veve pou w konte tout timoun ak adilt yo, kit yo se fanmi, kit yo pa fanmi, ki abite nan yon sèl lojman epi ki pataje revni ak depans yo. Nou pral mande kèk enfòmasyon sou elèv la (yo) ak lòt moun ki nan kay la. Pa egzanp, nou pral mande enfòmasyon sou manm fanmi yo, lòt timoun ki pa lekòl oswa yon patnè ki pa marye avè w.

3a. Konsènan elèv la (yo) ki nan fwaye w la:

Se paran an/responsab legal la ki pou ranpli pati sa a		
Non elèv la (prenon ak non fanmi) (obligatwa)	Konsènan elèv la	Antre repons lan anba a
	• Dat nesans (MM/JJ/AAAA)	
	• Klas (ane)	
	• Kalite lekòl (ansèkle youn)	<b>Piblik/Charter Prive Lekòl adomisil Pa enskri lekòl</b>
	• Vil kote lekòl la ye a	
	• Non lekòl la ( <b>obligatwa</b> )	
	• SASID*	<b>10-</b>
	• Relasyon ak elèv la	
	• Dat nesans (MM/JJ/AAAA)	
	• Klas (ane)	
	• Kalite lekòl (ansèkle youn)	<b>Piblik/Charter Prive Lekòl adomisil Pa enskri lekòl</b>
	• Vil kote lekòl la ye a	
	• Non lekòl la ( <b>obligatwa</b> )	
	• SASID*	<b>10-</b>
	• Relasyon ak elèv la	
	• Dat nesans (MM/JJ/AAAA)	
	• Klas (ane)	
	• Kalite lekòl (ansèkle youn)	<b>Piblik/Charter Prive Lekòl adomisil Pa enskri lekòl</b>
	• Vil kote lekòl la ye a	
	• Non lekòl la ( <b>obligatwa</b> )	
	• SASID*	<b>10-</b>
	• Relasyon ak elèv la	
	• Dat nesans (MM/JJ/AAAA)	
	• Klas (ane)	
	• Kalite lekòl (ansèkle youn)	<b>Piblik/Charter Prive Lekòl adomisil Pa enskri lekòl</b>
	• Vil kote lekòl la ye a	
	• Non lekòl la ( <b>obligatwa</b> )	
	• SASID*	<b>10-</b>
	• Relasyon ak elèv la	
	• Dat nesans (MM/JJ/AAAA)	
	• Klas (ane)	
	• Kalite lekòl (ansèkle youn)	<b>Piblik/Charter Prive Lekòl adomisil Pa enskri lekòl</b>
	• Vil kote lekòl la ye a	
	• Non lekòl la ( <b>obligatwa</b> )	
	• SASID*	<b>10-</b>
	• Relasyon ak elèv la	

\* Nimewo SASID (State Assigned Student Identifier) la pa obligatwa, men li pral ede nou jwenn dosye pitit ou a byen vit pou nou verifye enskripsyon li nan lekòl la. Nimewo sa a se yon nimewo inik ki gen 10 chif ki kòmanse ak "10" epi ou ka jwenn li sou kanè oswa relve nòt elèv la.

**3b. Konsènan adilt nan fwaye w la:**

Tanpri endike tout lòt adilt ki nan fwaye w la: Si ou se sèl adilt ki nan fwaye w la, kite seksyon sa a vid.

Prenon (obligatwa)	Non fanmi (obligatwa)	DAT NESANS (MM/JJ/AAAA)	Sèks

**4. Enfòmasyon sou benefis ak revni yo**

**4a. Enfòmasyon sou benefis yo:**

Si ou menm oswa nenpòt moun nan fwaye w la resevwa **benefis piblik**, tanpri ranpli seksyon sa a.

Èske gen moun nan fwaye w la ki resevwa benefis <b>SNAP</b> ?	Si <b>wi</b> , bay nimewo ID ajans lan ( <i>nimewo ID ajans ou a se nimewo inik ki gen 8 chif DTA te ba w pou idantifye dosye w la. W ap jwenn li sou avi ou resevwa nan men DTA yo.</i> )
Èske gen moun nan fwaye w la ki resevwa benefis <b>TAFDC</b> ?	Si <b>wi</b> , bay nimewo ID ajans lan ( <i>nimewo ID ajans ou a se nimewo inik ki gen 8 chif DTA te ba w pou idantifye dosye w la. W ap jwenn li sou avi ou resevwa nan men DTA yo.</i> )
Èske gen moun nan fwaye w la ki resevwa benefis <b>MassHealth</b> ?	Si <b>wi</b> , bay nimewo ID manm ou an ( <i>nimewo ID manm ou an se nimewo ki gen 12 chif ki kòmanse ak '1' ou ka jwenn sou kat manm MassHealth ou a oswa sou avi yo voye bay fwaye w la</i> )
Èske gen moun nan fwaye w la ki te resevwa benefis <b>SUN Bucks (Summer EBT)</b> deja?	Si <b>wi</b> , tanpri bay nimewo dosye a ( <i>nimewo dosye w la se nimewo inik ki gen 9 chif DTA te ba w pou idantifye dosye SUN Bucks (Summer EBT) ou a. Ou ka jwenn li sou tout avi ou jwenn nan men DTA yo.</i> )

**4b. Enfòmasyon sou revni yo:**

Fwaye ki gen yon revni brit pou ane a ki egal oswa ki pi ba pase 185% nivo pòvrete federal la (FPL) gendwa kalifye pou SUN Bucks. Pa egzanp, pou yon fwaye ki gen 4 moun, sa reprezante \$59,478 oswa mwens nan ane eskolè 2025/26 la.

Èske yon manm nan fwaye w la (san wete ou menm) resevwa nenpòt **revni**? (*Pa egzanp, se kapab salè, asirans chomaj, pansyon alimantè pou timoun, Social Security, SSI, konpansasyon pou aksidan travay, benefis pou veteran, pansyon oswa revni ki soti nan lwaye*) (**Obligatwa**)

Moun ki jwenn revni	Kalite revni	Montan brit <u>mansyèl</u>
	• Salè	
	• Travay endepandan	
	• Lòt:	
	• Salè	
	• Travay endepandan	
	• Lòt:	
	• Salè	
	• Travay endepandan	
	• Lòt:	
	• Salè	
	• Travay endepandan	
	• Lòt:	
	• Salè	
	• Travay endepandan	
	• Lòt:	
	• Salè	
	• Travay endepandan	
	• Lòt:	

**5. Atestasyon ak siyati**

**DEPARTMENT OF TRANSITIONAL ASSISTANCE:  
SUN Bucks!**

**Avi sou dwa, responsablite ak sanksyon**

- Avi sa a bay yon lis dwa ak responsablite yo ki gen rapò ak SUN Bucks.
- Tanpri li paj sa yo epi kenbe yo nan dosye w yo.
- Fè DTA konnen si w gen kesyon.

**Mwen konprann sa ki vin annapre a:**

- DTA jere pwogram SUN Bucks la nan Massachusetts nan tèt ansanm ak Department of Secondary and Elementary Education (DESE).

- Lwa ki rele Richard B. Russell National School Lunch Act la mande pou DTA itilize enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a pou detèmine ki moun ki kalifye pou benefis Summer EBT yo.
  - Lè mwen aplike, se otorize mwen otorize DTA pou li verifye si mwen kalifye pou benefis yo. Sa gen ladan l otorize DTA pou l jwenn enfòmasyon nan men lòt ajans etatik oswa federal, nan men otorite lojman lokal yo ak nan men depatman sèvis sosyal ki nan lòt Eta. Mwen bay ajans sa yo pèmasyon tou pou yo pataje enfòmasyon sou kalifikasyon fwaye m nan pou benefis SUN Bucks yo.
- DTA ka pataje enfòmasyon sou kalifikasyon m yo avèk pwogram edikasyon, sante ak alimantasyon pou ede yo bay fwaye m nan benefis nan kad pwogram yo ofri yo. Enspektè yo ak lapolis la ka itilize enfòmasyon m yo tou pou verifye si mwen respekte règ pwogram yo.
- Lè mwen aplike, se bay mwen bay DTA pèmasyon pou l jwenn enfòmasyon nan men epi pou pataje enfòmasyon sou mwen ak manm fwaye m yo ak:
  - DESE pou pitit mwen yo ka jwenn repa gratis nan lekòl la.
  - Department of Children and Families (DCF) pou kowòdone sèvis DTA ak DCF ofri ansanm yo, pa egzanp pou enskri pitit mwen an otomatikman nan SUN Bucks si li kalifye.
- Gen kèk timoun ki kalifye pou SUN Bucks san yo pa aplike. Tanpri kontakte Eta w la pou jwenn SUN Bucks pou yon timoun ki nan fanmi akèy oswa pou timoun ki sanzabri, ki imigran oswa ki sove kite lakay yo.
- Mwen gen dwa pou m jwenn yon kopi aplikasyon m nan, san wete enfòmasyon DTA itilize pou pran yon desizyon sou kalifikasyon fwaye m nan ak montan benefis la. Mwen ka mande DTA yon kopi elektwonik aplikasyon ki ranpli a.

#### **Epitou, mwen konprann sa ki vin annapre a:**

- bay fo enfòmasyon oswa bay manti se fwòd li ye,
- defòme oswa kache kèk enfòmasyon nan objektif pou m jwenn benefis SUN Bucks se fwòd li ye,
- yo konsidere fwòd kòm yon vyolasyon pwogram entansyonèl (Intentional Program Violation, IPV), epi
- si DTA panse mwen te fè fwòd, DTA kapab pran sanksyon sivil ak penal kont mwen tou.

#### **Dwa pou jwenn yon entèprèt**

Mwen konprann sa ki vin annapre a:

- Mwen gen dwa pou m jwenn yon entèprèt pwofesyonèl gratis nan men DTA si m prefere kominike nan yon lang ki pa anglè.
- Si mwen genyen yon odyans devan DTA, mwen ka mande DTA pou fè m jwenn yon entèprèt pwofesyonèl gratis, oswa si mwen prefere sa, mwen ka vini nan odyans lan ak yon moun pou entèprete pou mwen. Si m bezwen pou DTA ban mwen yon entèprèt pou yon odyans, mwen dwe rele Divizyon Odyans lan omwen yon semèn anvan dat odyans lan.

#### **Dwa pou enskri pou vote**

Mwen konprann sa ki vin annapre a:

- Mwen gen dwa pou enskri pou m vote atravè DTA.
- DTA pral ede m ranpli fòm aplikasyon pou enskri antanke elektè a si m bezwen èd.
- Mwen ka ranpli fòm aplikasyon pou enskri antanke elektè a an prive.
- Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote pa p afekte benefis DTA mwen yo.

#### **Estati sitwayènte**

Si w resevwa SUN Bucks , sa pa afekte estati imigrasyon w, pitit ou oswa fanmi w epi sa pa pral fè w vin yon chaj piblik.

### **Deklarasyon sou entèdiksyon diskriminasyon**

Selon sa ki nan lwa federal sou dwa sivil yo ak sa ki nan règleman ak politik U.S. Department of Agriculture, USD, li entèdi pou USDA, ajans li yo, biwo li yo ak anplwaye li yo, ansanm ak enstitisyon k ap patisipe nan oswa k ap jere pwogram USDA yo, fè diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik, oswa pou yo fè reprezay oswa vanjans sou moun akòz yon aktivite ki gen rapò ak dwa sivil yo te fè anvan, nan kad nenpòt pwogram oswa aktivite USDA mennen oswa finanse.

Moun ki andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp nan ekriti bray, gwo karaktè, kasèt odyo, lang siy ameriken, elatriye) ta dwe kontakte ajans (etatik oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen pwoblèm pou pale yo ka kontakte USDA atravè Federal Relay Service la nan 1-800-877-8339. Epitou, ka gen enfòmasyon sou pwogram nan ki disponib nan lòt lang ki pa anglè.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan:

Ranpli fòm plent pou diskriminasyon nan pwogram USDA a (AD-3027) ki disponib sou Entènèt nan <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/usda-program-discrimination-complaint-form.pdf>, ak nan nenpòt biwo USDA. Ou ka rele nan 1-866-632-9992 pou mande yon kopi fòm plent lan; oswa

Ekri yon lèt pou USDA epi mete tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan nan lèt la.

Sèvi ak youn nan metòd sa yo pou voye fòm ki ranpli a oswa lèt la bay USDA:

pa lapòs: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue SW Washington, D.C.20250-9410; oswa

nan faks: 1-202-690-7442; oswa

nan imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon prestatè ki bay tout moun menm chans.

### **Avètisman konsènan sanksyon yo**

Lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen sètifye (mwen pwomèt) tout enfòmasyon mwen bay yo vrè epi yo kòrèk, epi mwen pa resevwa SUN Bucks nan yon lòt Eta. Mwen konprann aplikasyon m nan ap fèt pou resevwa lajan federal. Mwen konprann Eta a ka verifye (tcheke) si enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a kòrèk. Mwen konnen, si mwen fè espere mwen bay fo enfòmasyon, yo ka pousuiv mwen lajistis anba lwa penal etatik ak federal ki aplikab yo.

- **Mwen dakò ak kondisyon yo.**

**Siyen non konplè w anba a**

**Dat**